



Pou Piblikasyon Imedya: 01/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KONFIMASYON TREMAINE WRIGHT AK
CHRISTOPHER ALEXANDER PRAL DIRIJE MIZANPLAS LWA SOU
RÈGLEMANTASYON AK TAKSASYON MARIGWANA A**

*Moun Administrasyon Gouvènè Hochul nonmen ki premye konfime yo ap fè
aplikasyon kanabis la vanse pi devan*

*Tremaine Wright pral sèvi kòm Prezidan Konsèy Kontwòl Kanabis la; Christopher
Alexander pral sèvi kòm Direktè Egzekitif Biwo Jesyon Kanabis la*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse Sena Eta a te konfime Tremaine Wright kòm Prezidan Konsèy Kontwòl Kanabis (Cannabis Control Board, CCB) New York la ak Christopher Alexander kòm Direktè Egzekitif Biwo Jesyon Kanabis la (Office of Cannabis Management, OCM). Konfimasyon an te fèt pandan yon sesyon ekstraòdinè Lejislati Eta New York la, epi sa yo se premye moun administrasyon Gouvènè Hochul la nonmen ki konfime. Konsèy Kontwòl Kanabis ak Biwo Jesyon Kanabis la ap kreye epi aplike yon kad règlemantè konplè pou sektè kanabis New York la, ki enkli pwodiksyon, lisans, anbalaj, maketing ak vant pwodui kanabis yo.

Lwa sou Règlemantasyon ak Taksasyon Mariguana a (Marijuana Regulation and Taxation Act, MRTA), ki te adopte nan dat 31 mas 2021 an, etabli kad legal ki pi konplè epi pwogresis nan peyi a pou règlemantasyon itilizasyon adilt, medikal ak sektè chanv yo, ki konsantre pou asire plis patisipasyon posib pa kominote ki afekte istorikman pa entèdisyon an. Lwa a reklame yon konsèy senk manm pou sipèvizè kreyasyon ak aplikasyon OCM nan epi kontanple nominasyon yon Chèf Aksyon ki chaje pou devlope yon plan ekite sosyal ki fèt pou fasilite epi sipòte patisipasyon aplikan ekite sosyal yo. MRTA a limite kantite lisans yon konpayi posede tou epi entèdi entegrasyon pwodiksyon vètikal ak sèvis detay, asire anplis ke ti biznis yo gen yon opòtinite pou fè konkirans nan nouvo mache a.

"Youn nan premye priyorite mwen, se pou finalman fè sektè kanabis New York la ogmante epi fonksyone - yo t ap tann sa depi lontan, men nou pral ratrape tan ki pèdi a ak konfimasyon Sena a pou Tremaine Wright kòm Prezidan Konsèy Kontwòl Kanabis New York la ak Christopher Alexander kòm Direktè Egzekitif Biwo Jesyon Kanabis la," **Gouvènè Hochul te deklare.** "De moun sa yo pote yon richès konesans ak eksperyans nan nouvo wòl yo, epi mwen konnen yo pral fè yon travay ekstraòdinè pou rezime epi aplike règlemantasyon ki san danje, jis epi transparan, epi sa rekonèt bezwen pou remedye ak enpak entèdiksyon sa te genyen sou kominote moun koulè yo. Mwen enpasyon pou travay ak yo pou konstui sektè kanabis eta nou an epi reyalize chanjman ki reyèl pou Nouyòkè yo."

Tremaine Wright pral sèvi kòm Prezidan Konsèy Kontwòl Kanabis la

Tremaine S. Wright se yon ansyen manm nan Asanble Eta New York epi li sèvi aktyèlman kòm premye Direktè Biwo Enklizyon Finansye ak Otonomizasyon DFS nan tout eta a. Madam Wright se yon avoka, antreprenè, pwopriyetè ti biznis ak aktivis ki se yon rezidan Bedford Stuyvesant dezyèm jenerasyon ki envesti nan prezèvasyon eritaj rich kominote li a epi konstui yon fondasyon ki solid pou lavni. Li te konsakre karyè li pou responsabilize epi kreye opòtinite pou vwazen li yo ak kominote li.

Madam Wright te eli nan Asanble Eta New York nan dat 8 novanm 2016. Li te sèvi 56yèm Asanble Distri Brooklyn, NY ki reprezante katye Bedford-Stuyvesant ak Northern Crown Heights. Li te sèvi kòm Prezidan Kokis Lejislatif pou Nwa, Pòtoriken, Latino ak Azyatik Eta New York la (New York State Black, Puerto Rican, Hispanic & Asian Legislative Caucus), ak Prezidan Sou-Komite sou Fwaye Dakèy Asanble a.

Antanke yon ansyen Prezidan Konsèy Kominotè 3, Madam Wright te favorize relasyon alontèm ak ofisyèl eli pase ak aktyèl yo, lidè kominotè ak yon seksyon transvèsal rezidan lokal ki angaje pou amelyore Santral Brooklyn. Li te sèvi nan CB3 pandan 13 an epi li te gen pozisyon an anvan kòm Sekretè Egzekitif, Trezorye ak Kowòdonatè Bidjè.

Li te pratike lwa nan Sèvis Legal Brooklyn ak kabinè lwa prive. Pandan li t ap travay kòm yon avoka nan gwo kabinè legal, Madam Wright te sèvi kòm yon avoka pwo bono pou Pwojè Manman ki nan Prizon yo, pou Volontè Sèvis Legal.

Madam Wright se te pwopriyetè epi li t ap dirije Common Grounds tou: yon Mezon Kafè nan Katye soti mas 2006 rive septanm 2015. Li te ouvri magazen an lè li te reyalize ke katye li a te manke yon kantite restoran ak plas pou rasanbleman.

Madam Wright te gradye Duke University Lekòl Dwa University of Chicago.

Christopher Alexander pral sèvi kòm Direktè Egzekitif Biwo Jesyon Kanabis la

Chris Alexander se yon refòmateur jistis penal, defansè ak yon ekspè politik. Li se moun Hollis, Queens epi li se pitit paran imigran ki te soti nan zile Karibeyen Grenad pou ale nan peyi Etazini.

Chris se yon politik ageri ki gen eksperyans nan elaborasyon politik ki enpòtan. Li te travay anvan pou Pati Demokrat Eta New York la, antanke yon èd Lejislatif nan Kongrè a, antanke yon Kowòdonatè Politik pou Alyans Plitik Dwòg la, api antanke konseye po Sena Eta New York la kote li te jere travay plizyè Komite ki bay sipèvizyon sou afè Vil New York ak sou sistèm jistis penal Eta New York la.

Chris itilize eksperyans lejislatif ak òganizasyon nan konpa pou mete fen nan kriminalizasyon an mas ak gè kont dwòg la. Li se yon defansè pou jistis sosyal, ekite rasyal, ak yon chanpyon pou angajman sivik.

Li se achitèk kanpay Start SMART NY la pou mete fen nan entèdiksyon mariguana a epi dirije anchèf Lwa sou Règlemantasyon ak Taksasyon Mariguana a, pwojè lwa pou legalizasyon mariguana New York la.

Chris ap travay aktyèlman antanke Manadjè Relasyon Gouvènman ak Politik pou Vilaj, yon konpayi kanabis plizyè eta. Li chaje pou angaje lidè lejislatif yo epi sipòte moun k ap pran desizyon yo lè y ap chèche elaji aksè nan kanabis la nan eta yo a.

Li te resevwa BA li nan syans politik nan Syracuse Inivèsite ak JD li a ki toti Nimwwo idnatikasyon ki soti nan Lekòl Dwa CUNY.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)